

ENFÒMASYON SOU FONDATÈ NOU AN




DEBBIE ZELMAN 1967-2017

Nan mwa avril 2008, lè li te yon manman karant lane ak twa timoun piti, yon madanm epi yon avoka pratikan, yo te dyagnostike Debbie gen yon kansè faz IV avanse, yon kansè nan lestomak ki pa ka geri. Li te gen sèlman 4% chans pou li te viv pandan 5 lane. Pandan y ap chèche opsyon tretman yo, li te aprann byen vit jan maladi a difisil pou detekte epi trete epi rezilta a souvan pa enteresan. Erezman, gras ak travay kole sere ak doktè li yo nan milye akademik ak nan kominote a, tretman yo te kòmanse fè efè sou Debbie. Lè sa a, li te deside sèvi ak eksperyans li, konpetans li, tenasite l ak rezo solid zanmi ak sipòtè l yo pou l kòmanse yon mouvman sansibilizasyon sou kansè lestomak, finanse rechèch, epi ede lòt pasyan yo.

Nan mwa avril 009, Debbie te kreye Debbie's dream fondasyon (fondasyon Debbie's Dream): Curing Stomach Cancer (Tretman Kansè Lestomak) (DDF), premye òganizasyon 501(c)(3) san bi likratif pou defann finansman rechèch sou kansè lestomak. DDF te vin tounen byen vit prensipal vwa pou defann kansè lestomak epi kounye a li se lidè entènasyonal pou maladi sa a moun pa byen konnen epi ki pa jwenn ase finansman. Debbie mouri nan dat 23 desanm 2017, apre prèske dizan ap batay san laperèz nan non pasyan kansè lestomak yo, fanmi yo ak moun kap bay swen atravè lemond. Eritaj li kontinye ap viv atravè DDF ak tout moun ki sipòtè rev li pou fè tretman kansè lestomak vin yon reyalyite.

ANSANM NOU AP REVE GRAN!

DDF depann de jenewozite de moun tankou w. Kontribisyon w bay la, ki tou sot nan taks ou, pèmèt nou sipòtè pwogram yo epi li pèmèt nou finanse rechèch yo. Ede nou fè rev pou n jwenn yon tretman pou kansè nan lestomak la vin yon reyalyite.



Ale sou www.DebbiesDream.org pou fè don, aprann plis sou maladi k ap fè ravaj sa a, chèche konnen ki jan ou ka patisipe, poze kesyon, sèvi kòm volontè, òganize yon evènman, ale nan yon evènman, rantre nan oswa kòmanse yon ribrik, ak/oswa achte machandiz. Tanpri fè yon don jodi a epi sipòtè koz nou an!

Debbie's Dream Foundation: Curing Stomach Cancer

Biwo: (954) 475-1200

Gratis: (855) 475-1200

Faks gratis: (855) 475-1201

Imel: Admin@DebbiesDream.org

Sit entènèt: www.DebbiesDream.org

Syèj Sosyal:

Two South University Drive, Suite 326
Plantation, FL 33324

Jwenn nou sou:


Facebook: [DebbiesDreamFoundation](https://www.facebook.com/DebbiesDreamFoundation)

Twitter: [StomachCancer_](https://twitter.com/StomachCancer_)

LinkedIn: [DebbiesDreamFoundation](https://www.linkedin.com/company/DebbiesDreamFoundation)

YouTube: [CuringStomachCancer](https://www.youtube.com/channel/UC...)

Instagram: [DebbiesDreamFoundation](https://www.instagram.com/DebbiesDreamFoundation)



Fondasyon Debbie's Dream: Curing Stomach Cancer (DDF) se yon òganizasyon 501(c)(3) san bi likratif ki gen misyon pou avanse finansman pou rechèch kansè lestomak, fè sansibilizasyon sou maladi a, epi bay pasyan yo, fanmi yo ak moun kap bay swen yo edikasyon ak sipò entènasyonal. DDF vle, antan objektif final, fè gerizon kansè lestomak tounen yon reyalyite.



ENFÒMASYON SOU KANSÈ LESTOMAK

- Kansè lestomak se twazyèm koz lanmò kansè atravè lemond.
- Chak ane gen plis pase 950.000 moun atravè lemond yo dyagnostike ak kansè lestomak, epi anviwon 725.000 ladan yo ki mouri.
- Gen plis pase 26.000 ameriken yo dyagnostike ki gen kansè nan lestomak chak ane, epi gen plis pase 11.000 ladan yo ki mouri.
- Lè w gen kansè lestomak ou gen 31% chans pou w viv anviwon senkan sa ki lakoz li se senkyèm kansè ki lakoz plis moun mouri Ozetazini.*
- Yo dyagnostike pifò pasyan ki fè kansè lestomak yo lè yo nan faz IV. Nan faz IV la, gen 4% chans pou yon moun viv rive senk lane ak kansè lestomak.
- Chans pou yo dyagnostike yon moun ki gen ant 25-39 lane fè kansè lestomak ogmante anviwon 70% depi 1977.
- Prensipal faktè risk pou kansè lestomak yo gen ladan enfeksyon ak bakteri yo rekonèt sou non *Helicobacter pylori* (H.Pylori) ki lakoz tou ilsè gastrik ak dyodenal; dispèsi kwonik (lè manje a pa byen dijere); orijin Azyatik, Afriken oswa Panyòl; manje manje ki gen anpil sèl, fimen oswa manje konsève oswa ki pa gen anpil fwi ak legim; fimen ak pran tabak; laj avanse; ak sèks mal.

* Dapre Deadliest Cancers Coalition, kansè ki lakoz plis moun mouri yo se kansè rezistan yo ki se kansè kote chans pou yon moun viv rive senk lane ak li pi piti pase 50 pousan.



INISYATIV ESTRATEJIK DDF

- Edike pasyan ki gen kansè lestomak yo, fanmi yo, moun k ap bay swen yo ak pwofesyonèl swen sante yo gras ak dokiman pou yo enfòmasyon gratis ansanm ak kongrè syantifik yo.
- Fè sensibilizasyon atravè pwogram ansanm ak evènman edikatif sou reyalyte yon dyagnostik kansè lestomak ak konsekans sa genyen sou pasyan yo ak fanmi yo.
- Bay sipò gratis ak enfòmasyon egzat epi fyab sou opsyon tretman yo, rechèch k ap fèt yo ak esè klinik yo.
- Finanse rechèch yo dirèkteman epi fè efò pou fè pledwari pou ogmante finansman federal la.
- Sèvi tankou resous prensipal pou pwofesyonèl swen sante yo refere pasyan ki gen kansè lestomak yo.
- Ankouraje kolaborasyon ak patanj enfòmasyon nan mitan pwofesyonèl medikal, chèchè, syantifik, konpayi famasi, ajans piblik ak pasyan yo.
- Bay timoun ki gen kansè lestomak yo kado paske nou konnen yon dyagnostik kansè gen enpak sou tout fanmi an.

EVOLISYON DDF

- DDF te fè premye Konferans Syantifik pou Pasyan ki gen Kansè Lestomak yo an 2011. Depi lè sa DDF toujou òganize konferans syantifik chak ane atravè peyi a ansanm ak konferans enfòmasyon ak founisè swen sante ki gen renome mondyal sou divès pwoblèm dènve kri ki gen rapò ak kansè lestomak. Konferans sa yo disponib sou sit entènèt DDF la ansanm ak anpil resous, lyen ki gen rapò ak sa ak lòt enfòmasyon itil.
- DDF ofri sèl Pwogram Edikasyon sou Resous pou Pasyan yo (PREP) ki bay edikasyon, resous ak sipò enfòmasyon pou pasyan ki gen kansè lestomak yo, fanmi yo ak moun k ap bay swen yo.
- Yo mete moun k ap chèche enfòmasyon yo ak yon konseye PREP pou sipòte youn lòt epi pataje konesans ak aprann apati eksperyans youn lòt.
- DDF finanse dirèkteman rechèch sou kansè lestomak yo epi l ankouraje jèn savan yo pouswiv opòtinite rechèch sou kansè lestomak.
- DDF te fè premye seyans enfòmasyon sou kansè lestomak nan Capitol Hill nan Washington D.C. epi ap òganize Jounen Pledwari anyèl sou kansè lestomak nan Capitol Hill nan Washington, D.C. depi 2013. Efò pledwari sa yo te lakòz yon ogmantasyon de plizyè milyon dola nan finansman rechèch federal yo sou kansè lestomak.

